*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№94 (26546)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 30 май – зæрдæвæрæны мæйы 30 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ЕРЫСТÆ
*Сæргълæууæджы Кубок – арæхстджындæртæн*

3 ÆНЦОЙБОН
*Тематикон фарс*

4 РАГОН КЪАМТÆ ДЗУРЫНЦ
*Хæдарцаты Габоцийы балц*

Сывæллæтты хъахъхъæныны дунеон бон

## Ерыстæ, хъæзтытæ, концерттæ, фестивальтæ



**Фæсахуыр фæлладуадзæн рæстæг æмæ Сывæллæтты хъахъхъæныны дунеон бон кæрæдзиуыл сæмбæлынц 1 июны. Ацы бæрæгбон нæ рох кæнын нæ уадзы, алы сабийы дæр закъоны бындурыл хъахъхъæнын кæй хъæуы, æнахъомты барты сæраппонд хистæртæ кæй лæууынц, уый.**

Уый – се 'нæниздзинад, ахуырад, фæрныгад, тыхмийæ бахизын. Æнæмæнг, 1 июны нæ бæстæйы, фæсарæйнаг паддзахæдты скæнынц алыхуызон бæрæгбоны мадзæлттæ, спортивон ерыстæ, хъæлдзæг хъæзтытæ, концерттæ, фестивальтæ. Цæгат Ирыстоны Сывæллæтты хъахъхъæныны дунеон бон сабитæ банкъардзысты хистæрты узæлд, цæстæнгас, зæрдæрайгæйæ сæмбæлдзысты сæ ирд бæрæгбоныл.

Уæлдай цæстæнгас равдисдзысты, социалон æгъдауæй уæззау уавæрты чи цæры, уыцы сывæллæттæм. Иу хъуыддаг у концерттæ, фестивальтæ саразын, фæлæ зынвадæттæ æвзарæг сабитæ рохуаты хъуамæ ма баззайой. Рынчын, инвалид, сидзæр, æвæрæз бинонты сабитæн баххуыс кæныны хæстæ 1987 азæй йæхимæ райста Уæрæсейы сывæллæтты фонд, уæдæ иннæ хæрзаудæн организацитæ дæр æнæхъæн бæстæйы фæкæсынхъуаг сабитæн се 'ххуысы хай бакæнынц.

Сывæллæтты хъахъхъæныны дунеон бон фæзынд Иугонд Нациты Организацийы хъæппæрисæй 1959 азы. Дунеон тыхтæ æрбаиу сты, цæмæй зæххы къорийыл сабитæ мацæмæй тыхсой, ма 'взарой тыхстдзинæдтæ, тырной хорздзинæдтæм, хæлардзинадмæ, сæ бартæ уой сæрибар æмæ суинаг.

Æнæмæнг, абон дæр ма бирæ паддзахæдты цæрæг сывæллæттæ 'взарынц царды стырдæр къуылымпытæ, цæлхдуртæ, суанг сты æххормаг, донхъуаг, фæлæ хъуамæ сæ алы бахудт, сæ алы хъæлдзæг змæлд, размæкъахдзæф нæ алкæмæн дæр суой ныфсы хос. Фæскъæвда кæддæриддæр хур ракæсы...

Форум

## «Цифрон Кавказ»

**Медиаæдасдзинады форум “Цифрон Кавказ” Дагестаны 28-31 маймæ суыдзæн медиайы къабазы специалисттæн цифрон технологитæ 'мæ медиаæдасдзинады къабазы ахуырадон æмæ коммуникацион фæзуат. Цæгат Кавказы федералон зылдæй, уыимæ, Цæгат Ирыстонæй дæр, стæй Уæрæсейы ног регионтæй мадзалы архайы сæдæйæ фылдæр адæймаджы. Цыппар боны дæргъы хъусдзысты раззагдæр экспертты лекцитæм, архайдзысты панелон дисскусситæ æмæ практикон ахуырты. Уæлдай æргом здæхт цæуы цифрон æдасдзинад æмæ фейкты ныхмæ тох кæнынмæ. Фыццаг бон уал форумы архайджытæн уыд фадат сæ кæрæдзиимæ, стæй кæрæдзийы фæлтæрддзинадимæ базонгæ уæвын. Медиаквест “Хъуыдыты цифрон уарт”-ы архайджытæ базонгæ сты æмæ сфæлтæрдтой роликтæ алыхуызон æрмæджытæ цæттæ кæнынимæ. Практикон æрмадз “Кросс-функционалон коммуникаци”– йы ахуыртæ нæм сæвзæрын кодтой стыр цымыдисдзинад. Форумы архайынц æфсæддон журналисттæ, регионалон политикæйы рæзты центры специалисттæ, эксперттæ.**



**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**авторы ист къамтæ**



Æнæниздзинад

## Дыууæ ног хайады байгом уыдзысты

**РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр МЫТЦИТЫ Астан Кавказ ТАСС-ы пресс-центры рæгъмæ рахаста республикæйы æнæниздзинады къабазы рæзт.**



Комкоммæ фæбæрæг кодта, хæстæгдæр рæстæг Цæгат Ирыстоны Республикон рынчындоны дыууæ хицæн хайады кæй байгом уыдзысты, уый. Тагъд скусдзæн кардиохирургион хайад. Уый бантыст, республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** финансон фæрæзтæ радих кæнынил куы бацархайдта, уæд. Æхцайæ балхæндзысты хъæугæ ифтонггæрзтæ, зæгъæм, аппараты руаджы туджы зилдух саразыны фæрæз. Уый руаджы гом зæрдæйыл уыдзæн операци кæнæн.

Хайады кусдзæн хорз цæттæгонд специалисттæ. Фарон æмхуызонæй реаниматологтæ, кардиохирургтæ специализаци ацыдысты Уæрæсейы стырдæр клиникæты. Ныртæккæ штат у æххæст. Хайады уыдзæн æппынæдзух кусæг кардиостимуляторттæ æвæрыны фадат. Нырмæ уый тыххæй рынчынтæ цыдысты æндæр горæттæм.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло министрады размæ цы хæс сæвæрдта, уый дæр æххæстгонд æрцæудзæн. Республикон клиникон рынчындоны байгом уыдзæн гемодиализы хайад. Мытциты Астан куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ныртæккæ Цæгат Ирыстоны гемодиализы хайад паддзахадон ахастимæ нæй, сты хицæн адæймæгты бæрны. Уый, æнæмæнг, рынчынты тыхсын кæны. Ахæм паддзахадон хайад рычынтæн ратдзæн ахъаззаг медицинон æххуыс.

Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр куыд радзырдта, афтæмæй ныртæккæ радих кодтой æппæт фæрæзтæ дæр. Хайады ис нефрологтæ, медицинон хотæ æмæ æндæр персонал. Ацы аз хайад байгом уыдзæн.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

Æфсымæрон бастдзинæдтæ

## Нæ хъысмæт, нæ фæндаг – иу

**«Иудзинад æмæ хæлардзинады фæндæгтыл» – ацы форумы фæлгæты нæ республикæйы Парламенты хуындæй знон Цæгат Ирыстоны æфсымæрон балцы уыдысты Кæсæг-Балхъары Республикæйы парламентаритæ.**



Форум арæзт æрцыд, ацы аз нæ бæстæйы Президент **Владимир Путин** Уæрæсейы адæмты хæлардзинады азæй кæй расидт, уымæ гæсгæ, стæй дыууæ æфсымæрон сыхаг республикæйы 'хсæн бастдзинæдтæ фидар кæныны нысанимæ.

Дыууæ æфсымæрон адæмы минæвæрттæн сæ фембæлд уыд Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры. Театры фойейы арæзт æрцыд нæ республикæйы æхсæнадон царды алы къабæзты æнтыстытыл дзурæг цымыдисаг равдыст, æмæ йемæ уазджытæ зæрдиагæй базонгæ сты.

Бæрæгбоны райдайæн уыд тынг аив. Уазджытæ федтой скъуыддзаг спектаклæй «Хæхты минæвæрттæ» («Послы гор»). Уый фæстæ сын хонгæ кафт акодта адæмон кæфтыты ансамбль «Ирыстон» (йæ аивадон разамонæг **Плиты Махар**), сæ курдиат равдыстой «Чысыл джигит»-ы æрыгон кафджытæ (аивадон разамонæг **Кокайты Таймураз**), стæй азарыд нæ республикæйы сгуыхт артист **Бекъойты Вано**.

Залы бадæг адæм байхъуыстой Уæрæсе, Цæгат Ирыстон æмæ Кæсæг-Балхъары гимнтæм. Уый фæстæ сценæмæ схызтысты: Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз** æмæ Кæсæг-Балхъары Парламенты Сæрдар **Татьяна Егорова**. Фысымтæн арфæгæнгæйæ, Татьяна Егорова загъта:

– Ацы фембæлд у нæ хæлардзинады егъау чиныджы ног сыф. Нæ дыууæ республикæйы хæларæй цæрынц æнусты дæргъы. Уый у, аргъ кæмæн нæй, ахæм хъæздыгдзинад, æмæ нæ хæс у йæ бахъахъхъæнын æмæ йæ кæстæр фæлтæртæм рæсугъдæй адæттын. Нæ бастдзинæдтæ ноджы фидардæр цæмæй кæной, уымæн ахъаз у, ивгъуыд аз кæй бафыстам, дыууæ парламенты 'хсæн æмгуыстады уыцы бадзырд дæр.

Уазджытæн æгасцуай зæгъгæйæ, Тускъаты Таймураз бафиппайдта:

– Дыууæ республикæйæн сæ арæн иу у, фæлæ нæ дыууæ адæмы, æппæты фыццаг, иу кæны, дугты сæрты чи ахызт, ахæм æфсымæрондзинад, хæлардзинад, куырыхондзинад, удварны æмхуызон хæзнатæ, нæ фыдæлты æхсар. Абон та иумæ цæрæм, йæ бирæнацион адæмтæй тыхджын чи у æмæ нын иумæйаг хæдзар чи ссис, ахæм цытджын бæстæйы, æмæ йæ бахъахъхъæнын æмæ рæсугъдæй кæстæртæм адæттын у нæ царды стырдæр нысан.

Æмæ куыннæ сты ирон, стæй кæсгон æмæ балхъайраг адæм æфсымæртæ, кæд æмæ царды алы къабæзты дæр – политикæйы, культурæйы, спорты, аивады – сæ бастдзинæдтæ сты æнæфæхицæнгæнгæ. **Хъæбæлоты Билар** æмæ Кæсæг-Балхъары обкомы фыццаг нымæрдар **Тимбора Мальбахов, Кайсын Кулиев** æмæ **Джусойты Нафи, Руслан Фиров** æмæ **Уататы Бибо, Юрий Темирканов** æмæ **Гергиты Валери** – ацы æмæ ма бирæ æндæр адæймæгтæн сæ хæлардзинад ссис нæ дыууæ адæмы æфсымæрондзинады ирддæр цæвиттон.

Уыцы бон ма Ирон театры сценæйæ хъуыст бирæ арфæтæ æмæ хъарм ныхæстæ. Арфæгæнджыты 'хсæн уыдысты дыууæ адæмы минæвæрттæ – кадджын хистæртæ **Дзасохты Алыксандр** æмæ политикон архайæг, профессор **Борис Зумакулов**. Нæ кæсгон уазæг куыд загъта, афтæмæй, Хуыцауæй стыр арфæйаг у, сыхагæн сын ирон адæм кæй ратта, уымæй.

Историон наукæты доктор, профессор **Бзарты Руслан** та радзырдта, æнусты дæргъы ирæттæ, кæсæг æмæ балхъар цы гуыргахъхъ фæндæгтыл ацыдысты æмæ, уыцы фæндæгтыл цæугæйæ, сæ хæлардзинад фидардæр куыд кодта, уый тыххæй.

Æппæт арфæтæ æмæ раныхæстæн сæ мидис уыд иу: Цæгат Ирыстон æмæ Кæсæг-Балхъары 'хсæн цы æфсымæрон бастдзинад ис, уый азæй-азмæ фидардæр кæнæд! Уыцы хъуыддагмæ форум «Иудзинад æмæ хæлардзинады фæндæгтыл» стыр бавæрæн кæй бахæсдзæн, уый дызæрдыггаг нæу.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ,**
**къам систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

### Дзырды фарн

*... сывæллæттæ зæдтæ... сты.*

*ЕПХИТЫ Тæтæри*

Ерыстæ

# Сæргълæууæджы Кубок – арæхстджындæртæн

**РЦИ-Аланийы кæронмæ æрхæццæ сты æппæтахуырадон организациты 'хсæн Сæргълæууæджы Кубок рамбулыны республикон ерыстæ футбол, баскетбол æмæ волейболæй. Сбæрæг сты Кубок рамбулджытæ чызджытæ æмæ лæппуты 'хсæн дæр волейбол æмæ баскетболæй. Æдæппæтæй футболæй турниры архайдтой 16 мин скъоладзауы.**




Кæронбæттæны фембæлдысты Дзæуджыхъæуы 42-æм æмæ Мæздæджы 3-æм скъолайы ахуырдзаутæ. Сæ хъазт рауад цымыдисаг, фæлæ карз тохы фæуæлахиз сты дзæуджыхъæуккæгтæ 2:0 хыгъдимæ æмæ систы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы цæугæ Кубокы хицау.

Чызджыты хуыздæр футболон командæйыл нымад æрцыд Мæздæджы 3-æм скъолайы командæ.

Волейболæй республикон ерысты сыгъзæрин майдантæ рамбылдтой Æрхонкæйы станицæйы 1-æм скъолайы чызджытæ, лæппуты 'хсæн та – ацы станицæйы 2-æм скъолайы ахуырдзаутæ.

РЦИ-Аланийы Кубоктæ лæвæрд æрцыдысты баскетболæй Æрыдоны 1-æм скъолайы (чызджыты 'хсæн) æмæ Беслæны æппæтахуырадон скъолайы командæтæн (лæппуты 'хсæн).

Уæлахиздзау командæтæ æмæ призертæн раттой кубоктæ, майдантæ, дипломтæ æмæ æхцайы сертификаттæ фæйнæ 50, 70 æмæ 100 мин сомимæ.

Сæрмагондæй Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Мæздæджы 3-æм скъолайы командæйы дуаргæс **Артем Яблочкинæн** балæвар кодта Уæрæсейы иугонд командæйы футболист æмæ дуаргæс **Æгкацаты Станиславы** æрмкъухтæ.



Сергей Меняйло æрвылазон егъау бæрæгбоны æвзонг архайджытæн зæрдиаг арфæ ракодта.

– Нæ лæппутæ æмæ чызджытæ уæлахизыл куыд тох кæнынц, уымæ трибунæйæ куы кæсай, уæд æмбарыс – ис сæм характер, ныфс, тырнындзинад. Æхсызгон мын у, Сæргълæууæджы Кубок царды кæй æрфидар, æмæ дзы скъоладзаутæ æхсызгонæй кæй архайынц. Фыццаг уыдон уыдысты лæппуты 'хсæн хъæзтытæ футболæй, стæй – чызджыты 'хсæн, дарддæр – баскетбол æмæ волейболæй. Бузныг организатортæн, ныййарджытæн, ахуыргæнджытæ æмæ, ацы хъæппæрисы фарс чи рахæцыд æмæ сабиты чи разæнгард кодта, уыдонæн. Спорт сæм æвзæрын кæны уæлахизмæ тырнындзинад, æнæниз цардыуагыл сæ æфтауы. Æмæ, кæд се 'ппæт профессионалон спортсменты фæндаг нæ равзардзысты, уæддæр сæ зæрдыл бадардзысты, сæ хъазтæй цы ирд æнкъарæнтæ райстой, уыдон. Æз мæхæдæг дæр æрымысын, мæ сабибонты ацы фæзы «Сæрак пурти»-йы турниры куыд хъазыдтæн Алагиры командæйæн, уый. Спорты фæуæлахиз вæййы тыхджындæр, фæлæ сымах, мæ хæлæрттæ, фыццаджыдæр, фæуæлахиз стут уæ мидтыхст æмæ тасыл! – загъта Сергей Меняйло.

Ацы аз æртæ хуызы спорты ерысты архайдтой 42 мин ахуырдзауæй фылдæр. Ерысты нысан у сывæллæттæ æмæ æнахъомты физикон культурæ æмæ спортыл цалх кæнын, курдиатджын сабиты сбæлвырд кæнын. Æрвылазон ерыстæ арæзт цæуынц РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы хъæппæрисæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Æнæмæлгæ полкъ




КЪУБАЛТЫ Али


КЪУБАЛТЫ Алымбег


КЪУБАЛТЫ Æнхъæл


КЪУБАЛТЫ Батраз


КЪУБАЛТЫ Владимир


КЪУБАЛТЫ Дзантемыр


КЪУБАЛТЫ Дзæрæхмæт


КЪУБАЛТЫ Дзамболат


ТАКЪÆТЫ Мурат


СОХТЫ Майрæм


ГАДЗИАТЫ Хазби


ГАДЗИАТЫ-КЪУБАЛТЫ Ольгæ

Царды фæзилæнтæ

# «Зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ...»

**Сæрмагонд æфсæддон операци куы райдыдта, уæд Мария СЕРГЕЕВА уыд Мæскуыйы æмæ, искæд пъагæттимæ дарæс скæндзæн, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд. Уæд нырма йæ хæцæнгарз уыдысты йæ зæрдæ æмæ йæ къухтæ: арæзта алыхуызон мадзæлттæ, æххуыс кодта æххуысхъуаг адæмæн, зылди æнæхæдзар сырдтæм...**

Сæрмагонд æфсæддон операцийы райдайæны рæстæг фехъуыста Белгороды цæрджыты курдиат: Харьковæй лигъдæтты хъуыд æххуыс. Мария уайтагъддæр араст уырдæм. Фæндагыл æй æмбаргæ дæр нæма кодта, уым цы уавæр и, цы йæм æнхъæлмæ кæсы, уый.

Куы ныххæццæ, уæд ауыдта танктæ, æндæр алыхуызон хæстон техникæ. Æвæццæгæн, æцæгæйдæр, Хуыцауы фæндонæй афтыд Харьковмæ. Уым уыд тынг бирæ сывæллæттæ, æмæ, цæмæй не 'ййæфтой хъуаг, ахæм нæ уыд. Райдыдта сын Мария æххуыс кæнын, стæй та ма æфсæддонтæн дæр.

Ныртæккæ мысы, æфсæддон дарæс кæнын куыд нæ куымдта, уый: «Скæндзынæн æй æрмæстдæр, министрадимæ бадзырд куы бафыссон, уæд». Æмæ афтæ рауад. Базонгæ Уæрæсейы Хъахъхъæнынады министрадимæ, æмæ йæм йæ зæрдæ куыд дзырдта, афтæ бакодта: бацыд уырдæм...



Хъæбатыр сылгоймаджы бинонтæ алкæддæр æххуыс кодтой, тохы быдыры чи уыд, уыдонæн. Кæддæр Мария ссардта йæ мады фыдыфыды хæрзиуæг. Уæд ын загъта мад: «Уый дæ туджы ис, уырдæм дæр уый тыххæй цæуыс æдзух». Афтæ сразы сты Марияйы фæндимæ йæ бинонтæ. Сауджын дæр ма йæ бафæдзæхста Хуыцауыл.

Мария æппæты тынгдæр хъуыды кæны 1 июнь – Сывæллæтты хъахъхъæнынады бон. Иу сахар баззад æнæ рухсæй, æнæ донæй. Дуне адæм дзы уыд. Се 'хсæн – бирæсывæллонджын бинонтæ, карджын адæм, суанг ма хуысгæ рынчынтæ дæр. Хицауадæй бар ракургæйæ, араст Мария уырдæм. Æнæхъæн къорд уыд йемæ – иу-дæс машинæйы. Электрон тых кæй нæ уыд, уый тыххæй ницыуал куыста: нæдæр чырæг телефон, нæдæр ницы. Уымæ гæсгæ сæ бон нæ уыд адæмы адристæм гæсгæ ссарын. Тынг сын баххуыс сты сауджынтæ – дзырдтой сын, чи кæм цæры, цы уавæры ис. Арæхдæр семæ машинæйы цыдысты æмæ сын амыдтой, куыд æмæ кæдæм цæугæ у, уый.

Мария фæстагмæ кæй аирвæзын кодта, уыдонæй иу – бирæсывæллонджын бинонтæ. Афарста сын сæ мады: «Ам аст сывæллонимæ куыд бадыс?» Уый йын дзуапп ратта: «Æмæ цы кæнон уал кæстæримæ?» Хъæбатыр сылгоймаг сæ рахуыдта хæдзарæй, аирвæзын сæ кодта. Иуцасдæр сæм бæрæггæнæг цыд рæстæгмæ дарæн пунктмæ, сывæллæттæн та сæ зæрдæ æлхæдта алыхуызон лæвæрттæй. «Йæхи хæдзарæй кæй рахонынц, цæмæй йæ фервæзын кæной, ахæм адæймаджы зæрдæ куыд фæриссы, уый тынг бамбæрстон», – дзуры сылгоймаг.

Мария иу бонмæ аирвæзын кодта 150 адæймаджы. Хорзæхджын æрцыд цыппæрæм къæпхæны Георгийы Дзуарæй. «Тынг ныфсæрмы дæн мæ хæрзиуæгæй: сгуыхтдзинад нæ равдыстон, цæмæй мæ хорзæхджын скæной. Æрмæстдæр лигъдæтты ирвæзын кодтон...», – æфсæрмыгæнгæйæ, мысы Сергеева.

Куы йæ хорзæхджын кодтой, уæд иу нæлгоймаг сдзырдта: «Мæ мад уым ис, куы йæ ракæнин искуыдæй». Уыцы ныхас айхъусгæйæ, Мария араст карджын сылгоймаджы ирвæзын кæнынмæ. Æмæ, йæ хъуыдымæ гæсгæ, афтæ бакодтаид алы адæймаг дæр.

Йæ хæрзиуæг куы федта, уæд сдзырдта: «Мæнæ ма, ай Уæлахизхæссæг Георги куы у!» Æмæ йæм сдзырдтой: «Маша, цытæ дзурыс? Уый паддзахадон хæрзиуæг у!» Иу-æртæ мæйы фæстæ бæлвырдгæнæн гæххæтт куы райста, æрмæстдæр æм уæд бахъардта, йæ орден Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путинæй кæй у, уый. Мария кæд æфсæрмы кодта, уæддæр ын тынг æхсызгон уыд, Уæрæсе кæй уыны, кæй зоны, адæм уым цы сгуыхтдзинæдтæм рæвдз сты, уый. «Фæлæ уæддæр хъæбатырдзинад æвдисæм майдантæ æмæ æндæр хæрзиуджыты тыххæй нæ. Архайæм зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ», – зæгъы Мария.

Куыд сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæгæн, сылгоймагæн уыд бар институтмæ ахуыр кæнынмæ бацæуын. Æмæ дзы спайда кодта: бацыд Уæрæсейы адæмон хæдзарад æмæ паддзахадон службæйы Уæрæсейы Федерацийы Президенты цур академимæ. Куы йæ фæуа каст, уæд архайдзæн инновацион фæрæзтæ æфсады фидар кæныныл. «Мæнмæ гæсгæ, уый хорз дæснийад у. Ахъуыды ма кæнут: иу-фондз азы фæстæ дзурдзыстæм, æфсады ногæй цы ис, цæй райрæзтыл цæуы куыст, ууыл», – дзуры сылгоймаг.

Марияйы æфсады бирæ сылгоймæгтæ нæй, фæлæ уый тыххæй къуылымпы æппындæр не 'взарынц. Тынг бузныг у, йемæ цы æфсæддонтæ ис, уыдонæй. Фыццаджыдæр, уый тыххæй, æмæ уæддæр цавæрдæр уавæртæ нæлгоймаджы хуызæн нæ фембары, нæ фенкъары, нæ фæзоны. Æмæ йын тынг зынаргъ у, кæй нæ рох кæнынц, семæ сылгоймаг кæй ис, нæлгоймаг нæ, фæлæ. Марияйæн стыр бинонтæ ис: фондз сывæллоны кæстæр у. Уымæ гæсгæ æфсады йæхи афтæ æнкъары, цыма йæ хæдзары ис йе 'фсымæрты 'хсæн. Æфсад хоны стыр бинонтæ.

Ныр Марияйæн арфæ фækæнынц канд Сылгоймæгты бон нæ, фæлæ ма Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон дæр. Æмæ уым диссагæй ницы ис: уыцы бæрæгбонмæ бар дарынц афтид нæлгоймæгтæ нæ, фæлæ, йæ Райгуырæн зæхх чи хъахъхъæны, уыцы сылгоймæгтæ дæр.

Марияйæн тынг хъыг вæййы, исчи, йемæ ныхас кæнгæйæ, куы фæзæгъы, ииуылдæр æхцайы мондагæй цæуынц хæстмæ, зæгъгæ, уæд. Сылгоймаг афтæ нæ зæгъы, æмæ дзы ахæмтæ нæй, фæлæ уæддæр сæ фылдæр Райгуырæн зæххы сæраппонд ацыдысты уырдæм.

Сергеевайы чызгыл цæуы æстдæс азы. Сфæнд кодта æфсæддон институтмæ бацæуын. Сылгоймаджы хъуыдымæ гæсгæ, ныртæккæйы фæлтæрæй бирæтæ сты патриоттæ.

Сылгоймæгтæ къаддæр æвæрæн кæй нæ хæссынц хæсты, уымæн Мария Сергеева – æвдисæн.

**Æрмæг бацæттæ кодта РÆМОНТЫ Алинæ**




## Фысджытæ сæ фæллад уагътой

### Марк Твен фемхæццæ кодта...



***1867 азы Марк Твен фондз мæйы дæргъы балц кодта Европæ æмæ Хæстæг Скæсæны нау «Квакер-Сити»-йыл. Балцы кæрон йæ зæрдыл æрлæууыд, цыдæр æнад къофи йын кæй фæдæттынц – тæнæг, фæлурс.***

***Иухатт та, къофимæ æркæсгæйæ, йæ къусы бын куы федта, уæд æрыгон фыссæг науы капитанмæ бацыд æмæ йын мæстджынæй загъта: «Худинаг æмæ аллайаг, цавæр къофи нын дæттынц ам!» Капитан Твенæн йæхи къус равдыста – уый къофи æцæг къофихуыз уыдис. Уæд бæлццон бынтон смæсты, йæ бон быхсын нал уыд, æрбахаста йæхи къофийы къус æмæ йæ капитаны раз стъолыл æрæвæрдта. «Мæнæ ма ацы «пойло» дæхæдæг саход», – загъта фыссæг. Капитан æм басмыста, ацахуыста дзы, йæ мидбылты бахудт æмæ загъта: «Куыд къофи, афтæ, кæй зæгъын æй хъæуы, ницæмæн бæззы, фæлæ, куыд цай, афтæ тынг хорз у». Твен дæр дзы схуыпп кодта, фефсæрмы æмæ йæ бынатмæ аздæхт.***

### Федор Достоевский æмæ казино



*Уыцы 1867 аз сæрды Европæмæ йе ссæдзаздзыд цардæмбалимæ ацыд 46-аздзыд Федор Достоевский дæр. Æрыгон æмкъайæгтæ æрбынат кодтой немыцаг горæт Дрездены, æртæуатон фатер баххуырстой.*

*Æнæмæт царды æртæ къуыриййы фæстæ фыссæг æрымысыд рулеткæ, къорд боны фæстæ та Анна Григорийы чызджы иунæгæй ныууагъта æмæ Гамбургмæ ацыд – уым уыцы рæстæг уыд стыр казино. Æмæ уæд райдыдтой царциатæ! «Æз Гамбургæй фыстæджытæ исын райдыдтон, мæ лæг мын хъусын кодта, цас фæхæрд, уыцы фæрæзтæ, æмæ куырдта, цæмæй йын æхца арвитон, — мысыд сылгоймаг. — Æз ын йæ курдиат сæххæст кодтон, фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй йын, кæй арвыстон, уыцы æхца дæр фæхæрд, æмæ та мæ куырдта, цæмæй та йын ногæй арвитон. Кæй зæгъын æй хъæуы, арвыстон та йын». Æмæ фыссæг йæхи куыд нæ рæстытæ кодта писмоты, Дрезденмæ кæй не здæхт, уый тыххæй! «Æнаккаг лакей! Нæ мæ фехъал кодта, куыд ын фæдзæхстон, афтæ, цæмæй 11 сахатыл Женевæмæ ацыдаин, уый тыххæй. Дыууадæсæм сахаты æрдæгмæ фæфынæй кодтон. Гæнæн нал уыд, иннæ поезд хъуамæ изæры фондз сахатыл цыдаид, æз дæр та фæссихор рулеткæйæ хъазынмæ ацыдтæн, æмæ мæм цы ‘хца уыдис, уыдон фæхæрд дæн». – фехъусын кодта Достоевский.*

*Дрезденмæ æрыздæхгæйæ, фыссæг йæ мондæгтæ бирæ рæстæг нæ фæиста бинонты сабыр цардæй: июны кæрон журнал «Русский вестник»-æй райста гонорар æмæ та атындзыдта Баден-Баденмæ, æрмæст ацы хатт йемæ йæ усы дæр ахуыдта. Дыууæ къуырийы балц ахаста фондз къуырийы. «Уый уыд цыдæр азар, бæллæх», – мысыд Анна Григорийы чызг. Фыссæг фæстаг талеры онг йе ‘ппæт æхца дæр фæхæрд æмæ ма йæм цы мулчы муртæ уыд, уыдон дæр ломбардмæ ратта, уыдонимæ - йæ бинойнагæн чындзæхсæвмæ цы брошкæ æмæ хъусцæджытæ балхæдта рубинтæ æмæ бриллианттимæ, уыдон дæр.*

*Æрыгон æмкъайæгтæ хъавыдысты сæ рæстæг Парижы, уый фæстæ та Италийы арвитын, фæлæ сæм фæрæзтæ кæй нал уыд, уымæ гæсгæ Женевæйы баззадысты.*

### Льюис Кэрролл — Уæрæсейы



***1867 аз ма ахæм дæргъвæтин балц Европæйыл акодта «Алиса в Стране чудес»-ы автор Льюис Кэрролл, Бельги æмæ Германыл ахизгæйæ, схæццæ Уæрæсемæ. Ам ыл æрцыд бирæ цымыдисаг хабæрттæ.***

***Зæгъæм, тынг æвзæр уавæры чи уыд, уыцы фæндæгтыл, Мæскуыйæ Ног Иерусалиммæ ацæугæйæ, бæхтæ кæй нæ уыд, уый аххосæй Льюис Кэрролл баззад, англисагау иу адæймаг дæр кæм нæ дзырдта, ахæм хъæуы. Фыссæг бынтон ныррхæндæг, цы фысымуаты æрлæууыд, уый хицау æм йе ‘ргом æгæр кæй аздæхта, уый тыххæй – нæлгоймаг фæлвæрдта ныхас кæнын æмæ йын рæстæгæй-рæстæгмæ хъæбыстæ кодта – уый аххосæй литератор нымадæй æрмæстдæр æртæ сахаты бафынæй кодта.***

***Кронштадты та худæджы цау æрцыд Кэрроллы хæлар Лиддоныл: фысымуаты лæггадгæнæг чызгмæ къухæй ацамыдта, мæ палто, дам, мын рахæсс, уый та йын йæ пиджак сыгъдæг кæнын райдыдта. «Лиддон та ацархайдта ноджыдæр ма иу хатт бамбарын кæнын – йæ пиджак раласта, сылгоймаджы къæхтæм æй æрæвæрдта æмæ йын æнгуылдзæй амоны, ома, пиджак палтойæ ныллæгдæр сферæйæ у, зæгъгæ, – фыста йæ боныджы Кэрролл. – Æмæ та æрыгон чызджы цæстыты ногæй цыдæр æмбарынады рухс фæзынд. Ацыд æмæ ацы хатт гыццыл фылдæр рæстæг нæ разынд, стæй æрбахаста... стыр баз æмæ диваны хуыссæнуат кæнынмæ бавнæлдта, афтæ бамбæрста, ацы æдылы господин афынæй кæнынмæ хъавы». Пантомима ахицæн, Кэрроллы сæр куы ‘рцахста гæххæттыл палто сныв кæнын, уæд***

***Балцы цымыдисагдæр цауыл та банымайæн ис, бетъырбухаг ресторан «Дюссо»-мæ бацæугæйæ, Кэрроллы зынгсирвæзты тыххæй куыд рантъæрдтой. Фыссæг айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ, йæ акомкоммæ цы хæрæндон уыдис, уырдæм бацыд æмæ рудзынгæй йæ цæст дардта, зынгхуыссынгæнджытæ экипажтæ – зæронд донласæнтæй конд бæхуæрдæттæ куыд æрбахæццæ сты, уымæ. «Цы хæрæндоны уыдтæн, уый официанттæ æрбацæуæны батыгуыр сты æмæ сæ конкурентты мæгуырбонмæ кастысты, фæлæ, тæрсын, тынг кæй нæ хъыг кодтой, уымæй», – йæ боныджы фæбæрæг кодта фыссæг.***

## Мидбылты худгæйæ

# Зиан æви цин?

Лæмбынæг ахъуыдыгæнгæйæ, ныртæккæ адæймаг мæйы мидæг цы мызд бакусы (кæд амондджын у, æмæ йын мызд кæм бакуса, ахæм бынат ис, уæд), уымæн йæ фылдæр æрдæг ацæуы зиан æмæ цины æгъдæуттыл. Сабат æмæ хуыцаубонмæ æрæмбырд вæййы æнæхъæн хыгъд, гыццылдæр-гыццылдæр æртæ, арæхдæр та – фондзæхсæз-авд мыггагимæ. Райгуырæнбон, авдæнбæттæн, кæхц, чындзæхсæв, куывд, зиан, хист... Алкæмдæр дзы хи равдисын хъæуы, алкæмдæр дзы æхца ныффыссын хъæуы... Кæд дыл уым «фæхæцæг» уа, уæд дын сау целлофан пакеты истытæ нывæрдзæн, æмæ йæ æфсæрмытæгæнгæ рахæсдзынæ...



Æрæджы та иу куывды фынджы уæлхъус бадтысты сылгоймæгтæ æмæ, сырх сæнæй сæхимæ дзæбæх куы фæкастысты, уæд сын ныхас бацайдагъ. Сылыстæджы дзæнгæдайæ чи бафсаддзæн! Æмæ кæдæм нæ ахæццæ сты, кæй кой нæ ракодтой! Куыд нæ загътой сæ зæгъинæгтæ абоны царды зындзинæдты тыххæй дæр, ома, дам, адæймаг нал фæразы æгъдæуттæ кæнын, йæ капеччытæ раиваз-баиваз кæнынæй алчи, уæдæ мыл макæй зæрдæ фæхуда, зæгъгæ. Зæрæда дæр йæ пъæртт баппæрста:

– Бауырнæд уæ, æнæхъæн къуыри зиантæ æмæ цинтыл зилын, æмæ иуæй-иу хатт нал фембарын, кæуын мæ фæхъæуы æви худын...

# «Ныр ма хæдтæхæджы дæр абад...»

Залиханæн, Сæуджены хæдзармæ æрбакувгæйæ, йæ хызисгæйæ цы арфætæ ракодтой мыггаджы хистæртæ, уыцы «амынддзинæдтæ» царды ра-уадзыныл зæрдиагæй архайдтой дыууæ уарзæгой уды. Фыццаг дæс азмæ сын рантысти æхсæз лæппуйы æмæ иу цъæх чызг. Зæнæг, пысылмон лæджы загъдау, сæхи ирысхъæйæ рæзыдысты, сæ фыд æппынæдзух – куысты, Залихан та æддæмæ ауайын уарзта, хæстæджытæ йын – бирæ, æмæ-иу уыдоныл азылди. Сæудженæн дæр куыстæй – йе ’рбацыд, Залиханæн дæр горæтæй – йе ’рхæццæ. Кæстæр сывæлæттыиу хистæрыл афæдзæхста, æмæ-иу хæтæнты афардæг.

Сыхаг устытæ сабитæн тæригъæд кодтой æмæ сæм сæ хъус дардтой, уæдæ ма сыхаг дæр цæмæн фæхъæуы!

Уæд та дын иу бон Залихан фарастмæйдзыд сывæллоны авдæны ныууагъта, йæхæдæг Дзæуджыхъæумæ йæ хойы бæрæггæнæг ацыд. Æнæхъæн бон ныхасдзуан фæзылд, йæхи дæр бавдыста, адæмы дæр федта, стæй фæстаг автобусы хъæумæ æрыздæхт. Автобусы æрлæууæнæй ма сæхимæ къахæй бауайын хъуыдис, æмæ уæззау хæдтулгæ куыддæр æрлæууыд, афтæ Залихан æргæпп кодта æмæ сæхирдæм лидзынмæ фæцис. Уæдмæ сыхы устытæ дæр сæ изæрон куыстытæ фесты æмæ уынджы бадынц. Сæ размæ уыцы тындзгæ куы ’рбахæццæ, уæд æй Гуыбатæ афарста:

– Дæ хорзæхæй, зынг сирвæзти, æви кæдæм тæхыс?

– Нæхимæ. Абон сывæллæтты иунæгæй ныууагътон, æмæ сæм мæ зæрдæ ’хсайы.

– Ныр ма хæдтæхæджы дæр абад, – уайдзæфгæнæгау бакодта Гуыбатæ, фæлæ Залихан сыхы устыты худынæй ницыуал фехъуыста, афтæмæй дарддæр йæ фæндаг адардта.

## Уыди? Нæ уыди?

# Заманхъул худы



*Молло Мæхæмæт йæ ныхасы арæх афтæ дзырдта, æз цы Хъуыраны бакастæн, уым афтæ фыст ис, уæлæуыл цы раттай, уый мæрдты дæс ахæмæй райсдзынæ, зæгъгæ.*

*Иу райсом раджы Буска молло Мæхæмæты дуар бахоста, дæ хъуццытæй мын иу ратт æмæ дын æй дæс хъугæй бафиддзынæн мæрдты, зæгъгæ.*

⁂

***Бускайæн (хатыр нын бакæнæд) иу цæст йеддæмæ нæй. Колхозы сæрдар æй бафтыдта бригадмæ дон ласыныл. Раттой йын саугуырм бæх. Буска иу бон бафæрæзта, стæй сæрдарæн бамбарын кодта:***

***– Куырм бæхыл нал бакусдзынæн!***

***– Цæуылнæ?***

***– Мæ бæхимæ нын дыууæйæ иу цæст йеддæмæ нæй æмæ дзы исты куы бахауа, уæд та?***

⁂

*Куывды фынджы уæлхъус Буска гуыбындзæл Абысалы комкоммæ бадт фæци. Мæстджынæй касти, уый куыд зыдæй æмпылдта, уымæ. Йæ разы цы дзидзайы хæйттæ уыди, уыдон уайтагъд фæдæле кодта, стæй фыр катайæ стджытæ стъолыл равæр-бавæр систа. Буска йæхи нал баурæдта:*

*– Дæ мад, дæ фыдыстæн, шахмæттæй хъазыс, æви?*

⁂

***Бускайы рад уыд, æмæ хъомтæ хизынмæ куы рацæйтардта, уæд æм сыхæгтæй иу фæдзырдта:***

***– Ме стур ног æлхæд у æмæ-иу æм дæ цæст фæдар, дæ хорзæхæй.***

***– Мæ хорз сыхаг, иу цæст мын ис, æмæ уый де стурмæ куы ныддарон, уæд иннæ фос та цы фæуыдзæн?***

⁂

*Буска сæумæрайсом йæ фыстæ агуырдта уæлмæрдты ’рдыгæй. Фæндагыл амбæлд Габодзийыл.*

*Уый йæм фæдзырдта:*

*– Буска, уым ма сты?*

*– О, ам сты, æрмæст иу хъуаг æййафынц æмæ дæм æнхъæлмæ кæсынц.*

⁂

***Бускайы сыхаг молло Мæхæмæт адæмы сайдта, æмæ йæм Буска мæстæй мардис. Иу бон Мæхæмæт сыхæгтæн афтæ:***

***– Зиуы мæм рацæут мæ кæркдон халынмæ.***

***Ацы мæрддзæст нæ æххормагæй фæкусын кæндзæн, зæгъгæ, Буска æхсæвы гæххætты гæбазыл цыдæр хылы-мылы фыстытæ акодта æмæ сæ Мæхæмæты кæркдоны баныгæдта.***

***Райсомæй кæркдон куы хæлдтой, уæд сæ Буска Мæхæмæты раз ракъахта. Молло уыцы-иу хъæр фæкодта, чидæр мын пысылмон кæлæнтæ скодта, зæгъгæ, æмæ зиууæттæн кусарт акодта.***

⁂

*Буска дуармæ хъарм дон рахаста, сапон, сæрдасæн, хисæрфæн æмæ бандоныл æрбадти, йæ быны, йæ бæмбæг кæмæн калдис йæ хуынчъытæй, ахæм гуыр. Æнхъæлмæ кæсы, кæд сыхы фæсивæдæй исчи фæзынид æмæ йын йæ сæр адасид, зæгъгæ. Уалынмæ фæзындис Бехботт ноздджынæй. Буска йæ нæ бамбæрста, æмæ лæг сæр дасыныл æрлæууыд. Бехботт, сæры арахъхъ куыд тынгдæр цыдис, афтæ хæкъуырцц кæнын байдыдта. Куы схæкъуырцц кæны, уæд та сæры цъар алыг кæны, æнæдзургæйæ бæмбæг стоны æмæ йæ лыгыл аныхасы.*

*Буска исдугмæ ницы дзырдта, стæй афтæ:*

*– Тагъд мын фæуыдзынæ мæ сæр даст?*

*– Йе ’мбис фæцис, – загъта «хилдасæг».*

*– Хорз, уæдæ, – загъта Буска, – йе ’ннæ ’мбисы та пырындз тауын, æмæ мæ ныууадз.*

⁂

***Хъæуы астæу бирæ лæгтæ æмбырдæй лæууынц, æмæ сæ иу дзуры:***

***– Мæнæ æххормаг аз куы уыдис, уый ма уæ исчи хъуыды кæны?***

***Уæд Буска афтæ:***

***– Уæ хорзæхæй, æфсæст та кæд уыдыстæм?***

⁂

*Иу заманы рог хæдтулгæ Бускайы дуармæ æрлæууыд. Кæрты дуар бахостой, Буска сæм ракаст æмæ дзы ауыдта дыууæ хæрзконд, аив зæронд лæджы, мидæмæ сæ бакодта, цæхх æмæ сын кæрдзын æрæвæрдтой. Уазджытæ Бускайæн афтæ:*

*– Хъæбатыры зарджытæ чи арæзы, уыцы Сатцаты Агуыбечыр дæ хæстæг у, уый зонæм, æмæ ма йын зæгъ, æмæ ныл зарæг скæна нæ удæгасæй.*

*– Цавæр зарæг, цы хъæбатырдзинад кæнæ хорздзинад скодтат?*

*– Ницы, фæлæ уадз æмæ нæ ном уæлæуыл баззайа.*

*– Гъемæ уæ иу иннæйы амарæд, кæнæ та – кæрæдзийы, æмæ уыл Агуыбечыр скæндзæн тæригъæддаджы зарæг.*

⁂

***Хъæздыг Хæмæты æрцахстой. Сход скодтой æмæ фæрсынц адæмы, цы, дам, ын бакæнæм, уæ туг уын бирæ фæцъырдта, æмæ йæ амарæм, кæнæ йæ фервитæм Сыбырмæ.***

***Уæд иу лæг афтæ:***

***– Ма йæ ахæссут Сыбырмæ, стæй йæ ма амарут. Уæртæ йæ мæ ныккæндмæ балидзын кæнут, æз та уый цъæхсæр уæладзгуытæм балидздзынæн. Кæннод, куы рауары, уæд уайтагъд мæ ныккæнд донæй байдзаг вæййы.***

***Уæд Буска фæгæпп кодта æмæ дзуры:***

***– Ау, æмæ Хæмæт ленк кæнынмæ дæсныдæр у?***

⁂

*Буска, йæ лæдзæг йæ къухы, афтæмæй сæ кулдуарæй рахызт æмæ уæлæсыхы ’рдæм араст. Йæ сыхаг æй фæрсы:*

*– Цыдæр хуындзау арæзт дæ, кæдæм цæуыс?*

*– Уæлæсыхмæ, кæцæй ралыгъдтæн, уыцы сыхбæстæ, кæй ралыгъдтæн, уый тыххæй куывд кæнынц, æмæ мæм хонæг уыдис.*

## Иры хæзнадонæй

### Грекъы тыххæй Уæлладжыры комы



Грекъ цардысты айдагъ Зæрæмæджы нæ, фæлæ æнæхъæн Уæлладжыры комы, грекъы адæммæ ныббырстой Турк æмæ Лекъ.

Ацы адæмæй ма баззад иу лæг. Йæ ном хуынд Бигъуыла, кæцыйæ рацыд цот. Бигъуылатæ уыдысты налат адæм. Бигъуылатæ æмæ Хуырымтæ кæрæдзиимæ тынг хæцыдысты. Уæды рæстæджы Калакæй æрцыд хицауадæй æрвыст лæгтæ æмæ Уæлладжыры комæн уынаффæ кодтой, цалынмæ уырыс не ’рбацыдысты, уæдмæ.

Уæды рæстæг пъырыстыфы хуыдтой диамбег, йæ хæдивæджы та отара (гуырдзиагау асаули). Отара мард фæци Тоборзайы хъæуы. Цæй тыххæй йæ амардтой, уый нæ зонын. Гуырдзы отарайы марды фæстæ Хуырымтæ æмæ Бигъуылаты тынгдæр тыхсын кæнын райдыдтой, нæ лæджы мард нын ссарут, зæгъгæ. Бирæ-иу дзы æрцахстой æмæ амардтой, Хуырымтæ æмæ Бигъуылатæ дæр нæ ауæрстой кæрæдзийы цæгъдыныл.

Уæлладжыры комы фæндагыл 100 азы цæуы, уый размæ Уæлладжыры комы фæндаг нæ уыд. Æрмæст хæхты сæрты уыд къахвæндаг. Уæд ирон адæм баст уыдысты Гуырдзыстонимæ. Нæ базары хъуыддаг дæр уыд уыдонимæ. Уæды рæстæг-иу дзырдтой: «Хуыцау нын кæрдзыны хъæд макуы фесафæд, кæннод нæм комы дымгæ æрбахæсдзæн, æмæ нæ хортæ фесæфдзысты.

**БИГЪУЫЛАТЫ Егоры ныхæстæй йæ 1932 азы ныффыста ЦÆЛЛАГТЫ Михал ЦИГСИИ-йы архив**

## Цардæй ист нывтæ

### «Фидар у, Фидар!»

Хуыцаубоны Фидары рад уыди дзуапдæттæг радгæс уæвын, æмæ боныцъæхтыл фермæйы дынджыр кæрты зилæнтæ кодта.

Иу лæг, урс нымæтхуд, уарыны ныхмæ даргъ фæтæн халат æмæ резинæ цырыхъхъыты рацыд, гыццыл родтæ кæм уыдысты, уыцы скъæтæй. Давæг ма уæд, зæгъгæ, ахъуыды кодта Фидар, æмæ йæм фехситт кодта. Лæг æрлæууыди. Фидар йæ размæ бацыд æмæ йæ тызмæгæй афарста:

– Чи дæ æмæ ам цы кусыс?

– Фыццаджыдæр, дæ райсом хорз, дыккаджы та, ам уæвын мæн хæс дæр у, æртыккаджы та, базонгæ уæм, Дзастемыр Хъарадзаутæй, райкомы ног 1-аг нымæрдар.

Фидар æм кæсгæйæ баззад. Хъусгæ фæкодта, партийы райкомы ног нымæрдар кæй сæвæрдтой, уый, фæлæ йæ уынгæ та фыццаг хатт кæны.

– Цы кæныс, лæппу, раст дæ цыма хурбон арв ныццавта, уый хъус куы ныддæ. Чи дæ, цы кусæг дæ?

– Æз Фидар дæн, фосы дохтыр.

– Фидар у, Фидар, – йæ мидбыл худгæйæ, загъта райкомы нымæрдар, – дæ куыст кæн, æз та ма... – йе ’нгуылдзæй, дæлдæр цы сара уыд, уымæ ацамыдта, – дæлæ уыцы бæхты къордмæ æркæсон, кæд æмбæлы, уæд.

– Æмбæлы, æмбæлы, – йæ мидбылты бахудт Фидар дæр.

### «Раст нæ дæ, баба»



Бецойы фыртыфырт Зауыр-иу цымыдисæй касти, хистæр ахуырдзаутæ скъолайы фæстæ, фæсвæды, тамако куыд дымдтой, уымæ. Æхца æрæмбырд кодта æмæ иу бон урокты фæстæ тамакойы пачкæ балхæдта. Сæхимæ йæ хызын дивaныл баппæрста. Спичкæтæ райста æмæ се скъæты скуыси ис. Тамако ссыгъта, кæд æй мидæмæ нæ улæфыд, уæддæр æй хуыфæг рацахста, æмæ йæ хъуыффыхъуыффы ссыди. Бецо йæ æрыхъуыста æмæ рудзынгæй ракаст. Скъæты дуары зыхъырæй фæздæг куыд калди, уый фенгæйæ, бедрайы дзаг донимæ феддæдуар æмæ скъæты фæмидæг ис. Хъуыддаг цæй мидæг ис, уый куы бамбæрста, уæд афарста Зауыры:

– Хъæбул, кæцытæм цæуыс, ферох та мæ ис?

– Цал хатты дын æй загътон, баба, фæндзæймаг къласмæ.

– Æмæ дæм куыд кæсы дæхимæ, – йæ фыртыфырты фарсмæ кæвдæсы фæйнæгыл æрбадгæйæ, загъта Бецо, – æгæр раджы нæ райдыдтай тамако дымын?

– Раст нæ дæ, баба, ацы хатт. Раджы, райсомæй, дæсæймæгтæм чи цæуы, уыдон райдайынц дымын скъолайы фæстæ. Ныр та ма цæй раджы у. Рæгъау æрбацыд. Хур нырттæккæ аныгуылдзæн, æмæ талынг кæнын райдайдзæн, – дзуапп ын ратта скъоладзау, – цæмæй раджы райдайон дымын, уый тыххæй мæ дæсæймæгтæм схæццæ уæвын хъæуы.

Зæронд лæг йæ сæр батылдта æнæбары æмæ арф хъуыдыты цады аныгъуылд.

**ХОХОЙТЫ Федар**

Фарс бацæттæ кодта ГАПБАТЫ Алетæ



Рагон къамтæ дзурынц

# Хæдарцаты Габоцы балц

**Нудæсæм æнусы кæрон бакуйаг къамисæг Юлиан Зелинский ацы къам куы иста, уæд, æвæццæгæн, йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, сæдæ æртын азы фæстæ йыл Ирыстоны адæмон газеты фарсыл кæй цæудзæн ныхас. Æрвитгæ та йæ «Рæстдзинад»-ы редакцимæ 'рбакодта Хæдарцаты Габоцы (уæллаг рæнхъы рахизырдыгæй кæронæй лæууы) фырт Солтанбеджы чызг Ритæ. Цымыдисаг у къам йæхæдæг, стæй, йемæ цы паспарту ис, уый дæр. Сæ историимæ уæ бæстондæр базонгæ кæндзæн нæ уацхæссæг.**





Хæдарцаты Габоц райгуырд нудæсæм æнусы дыккаг æмбисы, бинонтæ Куырттаты комы Ацонæгайæ быдырмæ куы ралыгъдысты, уæд æрбынатон сты Фыййаджыбылы. Габоцы амæлæты фæстæ ног цæрæнбынат ссардтой Алагиры. Йæ бинойнаг XX æнусы райдиан Бакуйы цæрæг ирæттæ уым æмбырдæй систой сæ къам. Чи зоны, газеткæсджытæй дзы кæд йæ фыдæлтæй искæйы базыдта, уæд, табуафси, фехъусын нæм кæнут.

Чи уыд Юлиан Зелинский, уый тыххæй интернеты тыгъдады ис ахæм информаци, зæгъгæ, Бакуйы 1892 азы 6 августы байгом отставкæйы рацæуæг æфсæддон топограф Зелинскийы къамисæн. Йæ граждайнаг царды дæр кæронмæ хæццæ кодта, æфсады службæ кæнгæйæ, хуыздæр цæмæ арæхст, уыцы куыст. Хицæн ныхасы аккаг у, уыцы рæстæг къамтимæ цы паспартутæ лæвæрттой, уый дæр. Рæстæгæй чи фæбур, ахæм хъæбæр гæххæттыл сыгъзæрин дамгъæтæй фыст сты герб, ном, горæты ном, стæй зонинаг, къамисæг йæ бæрзонддзинад император Николай II кæй схорзæхджын кодта, уый тыххæй. Уый та удуæлдай æмæ дæсны архайды фæрцы æрцыд лæвæрд уæды Уæрæсейы паддзахæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы цау бирæ цæуылдæрты дзурæг уыд.

Уæдæ, раздæхæм Габоцæн йæхимæ. Йæ бинойнаг Асиат дзы бирæ кæстæр уыд, ссæдз азы уыд се 'хсæн. Хъæлдзæг, æрхъуыдыджын адæймаг уыд Хæдарцаты хæдзары 'фсин. Йæ лæг радон хатт балцæй куы 'рыздæхт æмæ йын йæ чумæдан куы 'фснайдта, уæд дзы ссардта нæлгоймаджы хæзгулты къамтæ. Зын ын куыд нæ уыд, фæлæ бавдæлд, æмæ йын сæ сæ уаты равæрдта. Йæ цардæмбал хæдзармæ кæцæйдæр куы 'рбаздæхт, уыцы ныв куы федта, уæд ыл худæг бахæцыд. Гъе, афтæ, уый та дын ирон сылгоймаджы ахаст бинонты цардмæ!

Рантыст сын дыууæ лæппуйы æмæ цыппар чызджы. Цоты кæстæр Любæйыл цалдæр мæйы цыд, афтæ бинонты хистæр йæ цардæй ахицæн. Чысылæй йе 'цæг дунемæ ацыд сæ лæппу Хазби дæр. Бинонтæ амæлттæ кодтой, чызг Верæ бирæ азты фæкуыста Хъæдгæроны скъолайы математикæйы ахуыргæнæгæй, Зинæ – Алагиры рынчындоны хистæр медицинон хойæ, Солтанбег – таксистæй, пенсимæ куы рацыд, уæд та ласта Алагиры районы Хъалонты



Гæлæбаты Асиат йæ фæстагæттæн куыд дзырдта, уымæ гæсгæ Габоц арæх цыд балцы, бинонтæ дарынæн амæлттæ кодта. Ацы хуызист ист æрцыд Бакуйы, хъуыстгонд Юлиан Зелинскийы къамисæны. Габоцæн дзы йæхицæй уæлдай чи ис, уый раиртасын афæлвæрдтам, фæлæ нын дзы ницы рауад. Сæ уæлæдарæсмæ гæсгæ ирæттæ сты. Гæнæн ис, æмæ XIX æнусы кæрон – службæйы хицауы, Любæ бирæ азты фæцард Таджикистаны, стæй Ирыстонмæ ссыд. Габоцы хæдзарвæндаджы фæзынд рæсугъд кæстæртæ, стæй уыдоны цот. Сæрыстыр сты сæ хъуыстгонд хъæбысæйхæцджыты скъолайы минæвæрттæй, уыдоны кæстæр Хæдарцаты Алыксандр дарддæр кад æмæ радимæ хæццæ кæны сæ намыс.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

# Арфæ

## Хапсæты Майрæмы фырт Ирбегæн



*30 майы нæ зынаргъ, нæ уарзон хистæр, нæ мыггаг иумæ чи бæтты, уыцы лæггадгæнæг Хапсæты Ирбегæн у йæ райгуырæн бон. Уый фæдыл ын мах зæрдиаг арфæтæ кæнæм, нæ зæрдæ йын зæгъы æнæниздзинад, бинонты амонд æмæ кæстæрты рæсугъддзинад. Хорз хистæрæй кæддæриддæр бинонтæ, хиуæттæ æмæ æгас мыггаг дæр сты сæрыстыр.*

*Хапсæты фæдонтæ уарзынц æмæ нымайынц Ирбеджы. Сæрыстыр сты, ахæм æгъдауджын хистæр сын кæй ис, уымæй.*

*Ирбег, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд, цæмæй ма дыл дæ сæдæ азы юбилей дæр афтæ рæсугъдæй æрцæуа! Уæлладжыры зæдтæ æмæ дауджытæ та дын æххуысгæнæг уæнт! Лæгты дзуары фæдзæхст у! Хапсæтæн ис ноджыдæр рæсугъд æгъдаухæссæг хистæртæ, уыдон æнусон фарн, кады ном хæссынц, кæстæртæн сты цырагъдар æмæ бæласау уадзынц фидар уидæгтæ!*

***ХАПСÆТЫ Лизæ æмæ Аннæ***

Конкурс

# Ирыстоны космосон къласы стыр уæлахиз

**Къомайты Русланы номыл Космонавтикæйы скъола æмæ йæ ахуырдзаутæ национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ»-йы фæлгæты федералон æмвæзады архайгæйæ, фæуæлахиз сты æмæ Уæрæсейы нымад æрцыдысты хуыздæртыл. Ахуырадон уагдоны космосон къæлас æмæ йæ хъомылгæнинаг Кокайты Ариант систы нæ бæстæйы хуыздæртæ Æппæтуæрæсеон конкурс «Космосон турнир»-ы.**



Егъау ерыстæ сарæзтой Паддзахадон корпораци «Роскосмос» æмæ Автономон æнæкоммерцион æхсæнад «Роскосмосы корпоративон академи». Турниры архайдтой 100 космосон къласæй фылдæр нæ бæстæйы алы рæттæй, фæлæ абсолютон лидер ссис Цæгат Ирыстоны космосон къæлас. Къомайты Русланы номыл Космонавтикæйы скъолайы ахуырдзаутæ бацахстой фыццаг бынат номинаци «Хуыздæр космосон къæлас»-ы. Цæттæдзинады бæрзонд æмвæзад æмæ хъомылгæнинæгты активондзинад, фыццаджыдæр, сæ ахуыргæнæг-разамонæг Солаты Еленæйы руаджы у, куы зæгъæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм. Фæлæ ууыл сæ уæлахизтæ нæ фесты. Скъолайы хæрзиуджытæ фæфылдæр сты – бафтыд ма сыл сыгъзæрин майдан «Хуыздæр ахуырдзау». Бæрзонд нысан лæвæрд æрцыд Кокайты Ариантæн, уый йæ архайдæй равдыста, Уæрæсейы космонавтикæйы къæбазы йæм рæсугъд фидæн кæй æнхъæлмæ кæсы, уый. Конкурс сараздзытæ уæлахиздзаутæн раттой дипломтæ æмæ зынаргъ призтæ.

**КОЛЫТЫ Людмилæ, 15-æм регион**

Æдасдзинад

# Фæндæгтыл цæуыны домæнтæ

**Сæрдыгон афон ралæууыд, æмæ нæ республикæйы автомобилон фæндæгтыл мотоциклтæ, мопедтæ, скутертæ, велосипедтæ, электросамокаттæ æмæ квадроциклтыл архайджыты нымæц дæр фæфылдæр. Се 'ппæт не 'ххæст кæнынц фæндæгтыл æдасдзинады домæнтæ.**



Азы райдайæнæй нырмæ Цæгат Ирыстоны фæндæгтыл дыгайцалхон транспорты архайды фæндаггон бæллæхтæ бæрæггонд æрцыд, 12 адæймаджы хъыгдард кæм баййæфтой, ахæм 11 цауы. Се 'хсæн ма ис, 16 азы онг æнахъомты архайды 3 цауы дæр. Паддзахадон автоинспекцийы кусджытæ сидынц дыгайцалхон транспорты хицæуттæм фæндагыл лæмбынæгдæр æмæ къæрцхъусдæр уæвынмæ, фæндаггон æдасдзинады домæнтæ æххæст кæныны фарстамæ бæлвырд æргом аздахынмæ.

**РЦИ-Аланийы Паддзахадон автоинспекцийы пресс-службæ**

# Дзырдбыд

**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Сæры хай. 6. Хардз, хæрдзтæ. 10. Мин Нарты кадджыты. 12. Хæрыны афон. 13. Дзаджджын гуыл. 14. Цармæй бæттæн, бæндæн. 15. Мады зæнæг, тугхæстæг. 16. Донгъæды бынтæ. 19. Æхсарджын, хъæбатыр лæппу. 22. Афæдздзыд сæгъ. 24. Фыдæбон, удхар, хъизæмар. 25. Зивæггæнаг, фæныкгуыз. 26. Æхцайы бæрц. 27. Касфыцæг. 29. Хæларзæрдæ, æууæндаг. 31. Зауат, бынсæфт. 35. Хилæг. 36. Ирон сылгоймаджы ном. 37. Базарадæн фæрæзгæнæг. 40. Паддзахад Африкæйы. 41. Зæххы иу хай. 42. Адæмыхатт Нарты кадджыты. 43. Сылгоймаджы аивгæнæн. 44. Тар æхсæв.

**БЫНЫРДÆМ**: 2. Хъæддаг лыстæг цæрæгой. 3. Цæугæдон Ленинграды облæсты. 4. Хойы хъæбул. 5. Хæрзад. 6. Мæргъты атахт хъарм бæстæм. 7. Кæсаг. 8. Раггæнд хуым. 9. Хъæддаг маргъ. 11. Горæт Ростовы облæсты. 17. Къæрных, давæг. 18. Æнауæрдон, залым. 20. Бырст. 21. Хæрынæн бæзгæ судзаг хал. 22. Хæдзары дзаума. 23. Иусыкъаджын фос. 27. Кавказы адæмыхатты минæвар. 28. ... тæнæг у, æлдар фыдлæг у, мæлын кæй фæнды? (Къоста). 29. Уæлæрвты хæцæнгарзхæссæг. 30. "... уæны стæг хурхы нынныхсти". (Къоста). 32. Хæцæнгарз цуанæтты æвзагыл. 33. Ирон фынгыл кадгæнæг æгъдау. 34. Хæдзары хай. 38. Цыргъаг. 39. Зайæгхалы сой.



## Дзуаппытæ 23 майы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ**: 9. Уацхæссæг. 10. Зæххъæдур. 12. Æхсæнад. 15. Сæрак. 18. Тæрных. 20. Æндах. 21. Скъуда. 23. "Усгуртæ". 25. Мæнгард. 27. Æрвад. 28. Куывд. 31. Дзымари. 32. Хъызлар. 35. Æнæлаз. 37. Туман. 38. Фæрдыг. 40. Халас. 42. Америкæ. 45. Æмбис. 49. Мæрддзæст. 50. Гæдыбæлас.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Рагъ. 2. Ходæн. 3. Аст. 4. Хæрх. 5. Гæда 6. Ехс. 7. Бæлæгъ. 8. Тута. 13. Сæнк. 14. Нуар. 16. Тхотю. 17. Асгæл. 19. Æхсæрдзæн. 22. Дурæвзалы. 24. Ударм. 26. Гауыз. 29. Прозæ. 30. Къофи. 33. Дуне. 34. Дани. 36. Луандæ. 39. Рæмпæг. 41. Арæн. 43. Маст. 44.... къæм... 46. Ивар. 47. Азу. 48. Пыл.


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Гаглойты Наташæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2753. Заказ № 564. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**